

AVI ELEKSYON ESPESYAL
POU AMANDE KONSTITISYON VIL MIAMI
KI VA FÈT MADI 2 NOVANM 2021
NAN VIL MIAMI, FLORID
DAPRÈ REZOLISYON NIM. R-21-0321



Nou fè tout moun konnen va gen yon Eleksyon Espesyal jou madi 2 novanm 2021 soti 7:00 A.M. rive 7:00 P.M. nan Vil Miami, Florid, nan biwo vòt ki nan sant biwo vòt Sipèvizè Eleksyon Konte Miami-Dade, Florid deziyen jan sa endike sof si lalwa prevwa otreman epi soumèt keston sa a bay elektè ki kalifye nan Vil Miami, Florid:

"Èske Konstitisyon Miami an dwe amande pou otorize Vil la pou retire òf konpetitif, negosye, egzekite kontra lwaye 75 ane pwopriyete ki lokalize devan dlo (marina, restoran, itilizasyon ki gen rapò ak aktivite maren) apeprè 27 kawo (jeneralman 3301, 3307, 3605, 3501 Rickenbacker Causeway) avèk Biscayne Marine Partners LLC, pou minimòm:

- \$115,000,000 kapital investisman lokatè
- \$2,750,000 lwaye anyèl (10% pou Virginia Key Beach Park Trust) oswa valè mache ki jis
- 6% totalite depo bato, revni gaz; 4% revni brit ki soti nan lòt sous?"

Amanman konstitisyonèl sa a va amande Seksyon 29-B nan Konstitisyon Vil Miami an pou otorize Komisyon Vil la, gras a yon vòt afimatif kat senkyèm (4/5), pou anile òf konpetitif, negosye ak egzekite yon Kontra Lwaye Teren ak Akò Devlopman Prensipal ("Kontra lwaye"), nan yon fòm akseptab pou Pwokirè Vil la, ant Vil la ak Biscayne Marine Partners, LLC pou itilizasyon mikse etablisman ki lokalize devan dlo ki gen ladan, men ki pa limite a biwo prensipal marina, lakou bato, waf, magazen bato, etajè sèk pou bato ak lòt depo bato, waf glisaj mouye, restoran, magazen detay ki gen rapò ak aktivite marin, enstalasyon gaz, ak lòt itilizasyon ki gen rapò avèk lwazi ak aktivite marin apeprè vennsèt (27) kawo nan pwopriyete Vil la posede ki sitiye jeneralman nan 3301, 3307, 3605, ak 3501 Rickenbacker Causeway, Miami, Florid epi idantifye kòm Folio Nim. 01-4217-000-0020, 01-4218-000-0030, 01-4218-000-0031, 01-4218-000-0010, ak 01-4217-000-0030 pou yon premye tè karantsenk (45) ane ak de (2) opsyon renouvèlman kenz (15) ane pou yon tè kontra lwaye swasannkenz (75) ane, ak yon investisman kapital minimòm prive sankenz milyon dola (\$115,000,000.00), e ki bay estrikti minimòm lwaye anyèl annapre a: (a) lwaye debaz egal a pi gwo valè jis sou mache jan sa detèmine pa de (2) evalyatè endepandan leta sètifye oswa de milyon sèt san senkant mil dola (\$2,750,000.00) ("Lwaye Debaz"), epi dis pousan (10%) nan Lwaye Debaz sa yo dwe konsakre a Virginia Key Beach Park Trust plis (b) pousantaj lwaye egal a sis pousan (6%) nan revni brit ke glisaj mouye, depo sèk, ak lavant gaz jenere, ak kat pousan (4%) nan revni brit ke revni soulweyaj jenere ak lòt sous revni ki jenere revni yo te resevwa ak (c) nenpòt ogmantasyon lwaye ak/oswa pri lwaye adisyonèl pati yo negosye, avèk Kontra Lwaye sa a sijè a konfòmite avèk tout lwa ki aplikab, règ, reglemantasyon, ak restriksyon lalwa oswa kontra enpoze sou pwopriyete a avèk restriksyon, rezèv, ak retansyon tout lòt dwa dapre otorite Vil la.

Sou lòd Komisyon Vil Miami, Florid.

Rezolisyon Nim. R-21-0321 disponib sou sit entènèt Biwo Grefye Vil la nan (<http://miamigov.com/elections>) osi byen ke enfòmasyon adisyonèl ki gen rapò ak Eleksyon Jeneral Minisipal ak Espesyal Vil Miami 2 novanm 2021 an.